



REKÒMANDASYON PWOVIZWA POU SÈVIS SWEN IJYÈN PÈSONÈL PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè w fin li dokiman sa a, ou kapab afime anba li.

Nan dat 15 jen 2020

Objektif

Yo te kreye Rekòmandasyon Pwovizwa sa yo pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl pandan Ijans Sante Piblik COVID-19 la ("Rekòmandasyon COVID-19 Pwovizwa pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl") pou bay mèt/administratè biznis swen ijyèn pèsonèl yo ak anplwaye ak founisè sèvis yo prekosyon pou ede pwoteje kont pwopagasyon COVID-19 pandan etablisman yo ap re-ouvè.

Rekòmandasyon sa yo aplike pou biznis ak sèvis swen ijyèn pèsonèl ki pa gen pou wè ak cheve, sa gen ladan etablisman tatou ak pèsaj, pwofesyonèl amelyorasyon aparans, terapi masaj, sant tretman bote, kosmetoloji, maniki/pediki, bwonzaj avèk oswa san UV, oswa epilasyon ak lasi. Rekòmandasyon sa yo pa aplike pou ankenn sèvis swen ijyèn pèsonèl ki gen pou wè ak cheve (paregzanp koupe cheve, mete koulè ladan yo, oswa penyen yo), yo pale de sa nan "[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Salon Kwafi ak Kwafè pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#) (Interim Guidance for Hair Salons and Barbershops during the COVID-19 Public Health Emergency) Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la.

Rekòmandasyon sa yo se egzijans minimòm sèlman epi tout patwon te mèt pran plis prekosyon oswa mete plis restriksyon. Rekòmandasyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou konnen yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou rekòmandasyon sa yo kapab chanje epi yo chanje souvan. Pati Responsab yo – jan yo defini pi ba a – responsab respekte tout egzijans lokal, eta ak federal ki gen pou wè avèk biznis ak sèvis swen ijyèn pèsonèl, jan yo defini pi wo a. Pati Responsab yo responsab tou pou yo toujou okouran tout chanjman nan egzijans sa yo, epi tou pou yo fè yo antre nan fonskyonman biznis/sèvis swen ijyèn pèsonèl yo ak nan Plan Sekirite a.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202](#) (Executive Order 202), ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, dwe gen yon distans sosyal omwen sis pye ant moun yo, lè sa posib.

Nan dat 19 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.7](#), ki te bay tout kwafè, salon kwafi, etablisman tatou oswa pèsaj ak sèvis swen ijyèn pèsonèl ki gen pou wè ak sa, lòd pou yo fèmen pòt yo pou piblik la jiska nouvo òd. Dekrè egzekitif la te aplike tou pou teknisyen nan poze zong, kosmetolojis ak estetisyen, elektwoliz, ak sèvis lazè. Yo te pibliye dekrè egzekitif la poutèt li pa posib pou ofri sèvis sa yo epi an menm tan kenbe distans sosyal.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye [Dekrè Egzekitif 202.6](#), ki te bay

tout biznis ki pa esansyèl yo lòd pou yo sispann fonksyone avèk pèsonèl nan biwo. Biznis esansyèl yo, jan yo defini nan [rekòmandasyon](#) Empire State Development Corporation (ESD) yo, pa t gen restriksyon sou aktivite an pèsonn nan sou yo, men, sepandan, yo te resevwa lòd pou yo respekte rekòmandasyon ak

direktiv pou kenbe yon anviwònman travay pwòp ak san danje DOH te pibliye yo, epi yo te ankouraje yo anpil pou yo kenbe mezi distans sosyal jan sa posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki te bay biznis esansyèl yo lòd pou yo bay anplwaye yo, ki prezan nan lye travay la, kachnen, gratis, pou yo itilize lè y an kontak dirèk avèk kliyan yo oswa avèk manm piblik la nan kad travay yo. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki te bay lòd pou tout moun ki gen plis pase laj dezan epi ki kapab sou plan medikal tolere pou figi yo kouvri, kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon kachnen an twal lè yo nan kote piblik epi yo pa ka kenbe, oswa yo pa kenbe, distans sosyal. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki te bay lòd pou tout moun k ap pran transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil pou lwe, ki gen plis pase laj dezan epi ki kapab sou plan medikal tolere pou figi yo kouvri, mete yon mask oswa yon kachnen sou nen ak bouch yo pandan nenpòt ki deplasman konsa. Li te bay lòd tou pou operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive yo mete yon kachnen oswa yon mask ki kouvri nen ak bouch yo pandan gen lòt pasaje nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki bay administratè/mèt biznis yo dwa pou yo refize kite antre moun ki pa respekte egzijans kachnen oswa mask yo.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch pwogresif pou re-ouvè endistri ak biznis yo nan New York an faz baze sou analiz done rejyonal. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te prevwa analiz rejyonal la t ap konsidere plizyè faktè sante piblik, sa gen ladan nouvo enfeksyon COVID-19, epitou sistèm swen medikal la, tès dyagnostik yo, ak kapasite retrase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse premye faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 15 me 2020 nan plizyè rejyon New York, baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse dezyèm faz re-ouvèti a ta pral kòmanse nan plizyè rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablodò alèt rapid k ap gwoupe bann done eta a pou Nouyòkè yo, fonksyonè gouvènman yo, ak espesyalis yo pou kontwòle ak egzaminen kijan yo limite viris la pou garanti yon re-ouvèti san danje. Nan dat 11 jen, Gouvènè Cuomo te anonse twazyèm faz re-ouvèti an t ap kòmanse nan dat 12 jen nan plizyè rejyon nan New York.

Anplis nòm ki annapre yo, biznis yo dwe kontinye respekte rekòmandasyon ak direktiv pou kenbe anviwònman travay pwòp ak san danje DOH pibliye yo.

Tanpri pran nòt lè rekòmandasyon yo ki nan dokiman sa a diferan de lòt dokiman rekòmandasyon Eta New York pibliye, se rekòmandasyon ki pi nouvo yo k ap aplike.

Nòm yo pou Sèvis Swen Ijyèn Pèsonèl Responsab nan Eta New York

Pa gen biznis swen ijyèn pèsonèl ki kapab fonksyone, ni sèvis swen ijyèn pèsonèl ki kapab bay, san respè nòm Eta minimòm ki annapre yo, epitou egzijans federal ki aplikab yo, tankou pami lòt bagay nòm minimòm Lwa sou Ameriken ki Gen Andikap la (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) Depatman Travay Etazini an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki nan rekòmandasyon sa yo aplike pou tout biznis ak sèvis swen ijyèn pèsonèl k ap fonksyone pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske Eta a anile oswa amande yo. Mèt/administratè biznis swen ijyèn pèsonèl la, oswa yon lòt pati mèt/administratè a deziyen (kèlkeswa ka a, "Pati Responsab yo"), ap responsab respè nòm sa yo.

N ap fè mèt biznis swen ijyèn pèsonèl yo sonje pou yo suiv nòm sante ak nòm sanite ki te la deja yo sòf lè dokiman sa a pote yon nòm pi estrik, nan ka sa a se dokiman sa a ki gen kontwòl. Sèten nòm ki te la

deja ki gen pou wè ak sèvis swen ijyèn pèsònèl disponib sou [sit wèb](#) Depatman Deta a (Department of State, DOS). Ou kapab jwenn lòt nòm toujou sou sit wèb DOH la (paregzanp [tatou ak travay atistik sou kò](#), [bwonzaj andedan](#)).

Rekòmandasyon ki annapre yo òganize toutotou twa kategori diferan: moun, kote, ak pwosede.

I. Moun

A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou nan tout etablisman swen ijyèn pèsònèl, prezans mendèv la ak kliyan yo pa depase 50% kantite moun maksimòm nan pou yon zòn an patikilye jan sètifika okipasyon an fikse li, sa gen ladan kliyan yo, ki dwe kenbe yon separasyon sis pye de lòt moun, sòf pandan sèvis la, epi, nan tout ka yo, yo dwe kite yo antre nan etablisman an sèlman si yo mete yon kachnen akseptab; depi, sepandan, kliyan an gen plis pase laj dezan epi li kapab sou plan medikal tolere kachnen sa a; epi;
- Pati Responsab yo dwe garanti toujou gen yon distans omwen sis pye pami anplwaye yo ak kliyan yo, sòf si sekirite oswa aktivite prensipal la egzije yon distans pi kout (paregzanp fè yon tatou oswa yon pèsaj, bay yon masaj, fè yon maniki oswa yon pediki, sèvi avèk biwo randevou a oswa kès yo). Anplwaye yo dwe kouvri figi yo depi yo an kontak avèk kliyan yo (paregzanp ap bay yon sèvis, pase yon acha, vlope yon bagay pou bay) epi depi anplwaye yo dwe vin a yon distans ki mwens pase sis pye de yon lòt moun. Anplwaye yo dwe pare pou kouvri figi yo si yon lòt moun vin sanzatan a yon distans ki mwens pase sis pye.
 - Pami kachnen ki akseptab pou COVID-19 gen kachnen an twal pou kouvri figi ak mask dispozab ki kouvri ni bouch la ni nen an.
 - Sepandan, kachnen an twal, dispozab, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsònèl (personal protective equipment, PPE) poutèt nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt PPE ki sèvi dapre nòm endistri ki la deja yo dwe kontinye sèvi, jan sa defini konfòmman ak rekòmandasyon OSHA yo.
- Pati Responsab yo gen dwa chanje itilizasyon ak/oswa mete restriksyon sou kantite pòs travay ak zòn pou anplwaye chita yo, yon jan pou travayè yo gen yon distans omwen sis pye ki separe yo youn de lòt nan tout direksyon (paregzanp youn sou kote lòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa sèvi avèk menm pòs oswa espas travay yo san yo pa netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon.
 - Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou chèz kliyan yo pèmèt kliyan yo kenbe yon distans sis pye de tout lòt moun sòf anplwaye k ap bay sèvis la (paregzanp pòs travay tatou ak pèsaj yo, tab masaj yo, oswa pòs travay salon kwafi yo dwe gen yon distans sis pye ki separe yo), sòf si yo enstale yon baryè fizik ant pòs travay yo.
 - Yo dwe reflechi sou enstale baryè fizik, lè sa posib, pou separe pòs travay anplwaye yo (paregzanp ant de pòs travay tatou/pèsaj, tab masaj, oswa pòs travay salon kwafi) epi konfòmman ak [nòm OSHA yo](#).
 - Pami opsyon yo pou baryè fizik gen: rido an plastik epè, plexiglas oswa materyo menm jan an, oswa lòt separasyon owa klwazon enpèmeyab yo kapab netwaye ak dezenfekte.

- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou anplwaye yo ki devan biwo randevou yo oswa devan kès yo kenbe yon distans sis pye de lòt anplwaye yo ak kliyan yo, sòf si gen yon baryè fizik (paregzanp plexiglas) ant anplwaye a ak lòt anplwaye ak/oswa kliyan, oswa si anplwaye a mete kachnen; sepandan, menm avèk yon baryè fizik, anplwaye yo dwe mete kachnen depi y an kontak avèk yon kliyan (paregzanp ap pase yon acha)
- Pati Responsab yo dwe entèdi pou gen plis pase yon sèl moun alafwa nan ti espas fèmèn (paregzanp deyè kès, nan asansè, nan depo), sòf si tout moun ki nan espas sa yo an menm tan kouvri figi yo kòm sadwa. Sepandan, pa dwe janm gen plis pase 50% kantite moun maksimòm lan nan espas la, sòf si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan. Pati Responsab yo dwe ogmante ayerasyon avèk lè deyò leplis posib (paregzanp ouvè fenèt, kite pòt ouvè), men an menm tan kenbe pwotokòl sekirite yo.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje itilizasyon opsyon peman san manyen oswa peman alavans, lè sa disponib. Minimize manyen lajan, kat kredi, kat rekonpans, ak aparèy mobil, depi sa posib (paregzanp reflechi sou kite kliyan yo bay poubwa pa peman elektwonik olye de avèk lajan likid, reflechi sou yon anvlop poubwa yo pran yon fwa pa jou sèlman).
- Pati Responsab yo dwe mete anplas mezi pou redui sikilasyon apye nan de sans avèk tep oswa panno ki gen flèch nan reyon, koulwa, oswa espas ki jis yo, epi afiche endikasyon epi make distans sis pye nan tout zòn komen yo ak tout zòn kote yo souvan fòme liy oswa kote moun gen dwa rasanble (paregzanp devan biwo randevou yo/zòn kès yo, pòs evalyasyon medikal yo, sal repo yo).
 - Depi sa posib, make pozisyon oswa mete baryè pou ankouraje sikilasyon nan yon sèl sans ak espas sis pye.
- Pati Responsab yo gen dwa reflechi sou aplike yon politik "sou randevou sèlman" pou limite kantite kliyan ki vini san randevou ak rasanbleman.
- Pati Responsab yo dwe fèmèn sal datant yo epi yo dwe evite liy leplis posib. Yo dwe mande kliyan ki pran randevou alavans yo pou yo tann nan machin oswa andeyò lokal la a yon distans omwen sis pye jiska lè randevou yo a. Menm jan an, si Pati Responsab yo pa kapab ofri kliyan ki pa gen randevou yo sèvis touswit, yo dwe bay kliyan sa yo yon lè randevou epi mande yo tou pou yo tann nan machin oswa deyò lokal la a yon distans omwen sis pye jiska lè randevou yo a.
 - Salon tatou ak pèsaj yo dwe reflechi sou afiche desen anliy oswa nan fenèt la pou minimize kantite tan kliyan yo pase nan biznis la leplis posib.
 - Etablisman ki espesyalize nan zong yo dwe pran dispozisyon pou wete oswa sere boutèy kitèks yo ak lòt bagay plizyè moun manyen pou anpeche plizyè kliyan manyen yo.
- Pati Responsab yo dwe mete panno andedan ak andeyò etablisman swen ijyèn pèsònèl la, annakò avèk panno DOH pou COVID-19. Pati Responsab yo kapab elabore pwòp endikasyon pa yo espesyalman pou lye oswa kad travay yo, depi endikasyon sa yo ale avèk endikasyon Depatman an. Endikasyon yo dwe sèvi pou fè anplwaye yo ak kliyan yo sonje pou yo:
 - Kouvri nen yo a bouch yo avèk yon kachnen.
 - Konsève kòm sadwa epi, lè sa nesèsè, jete PPE yo.
 - Respekte enstriksyon sou distans fizik yo.
 - Rapòte sentòm oswa kontak avèk COVID-19, ak kijan yo dwe fè l.

- Suiv rekòmandasyon yo pou ijyèn men ak netwayaj ak itilizasyon dezenfektan.
- Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.

B. Rasanbleman nan espas fèmèn

- Pati Responsab yo dwe limite rasanbleman an pèsonn (paregzanp reyinyon anplwaye, nan sal repo, depo) nan mezi sa posib epi sèvi avèk lòt metòd tankou konferans pa videyo oswa telekonferans depi sa posib, dapre rekòmandasyon CDC yo "["Rekòmandasyon Pwovizwa pou Biznis ak Patwon yo Planifye ak Reyaji a Maladi Kowonaviris 2019 la \(COVID-19\)"](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè konferans pa videyo oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo dwe fè reyinyon yo nan espas ouvè, byen ayere epi pran dispozisyon pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye youn ak lòt (paregzanp si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè anplwaye yo sote yon chèz).
- Pati Responsab yo dwe reflechi sou opsyon elektwonik pou randevou an pèsonn lè sa apwopriye pou vizit tankou suivi apre swen, jwenn sa k ap bay pwoblèm, oswa lòt konsiltasyon.
- Pati Responsab yo dwe mete anplas metòd pou gen kont distans sosyal nan zòn ki piti yo, tankou twalèt ak sal repo, epi yo dwe elabore endikasyon ak sistèm (paregzanp make okipe) pou mete restriksyon sou kantite moun yo lè yo pa kapab kenbe distans sosyal nan zòn sa yo.
- Pati Responsab yo dwe repati orè yo pou anplwaye yo kapab respekte distans sosyal (paregzanp, sis pye espas) pou tout rasanbleman (paregzanp pandan y ap pran poz oswa manje midi).

C. Aktivite nan Lye Travay la

- Pati Responsab yo gen entèdiksyon pou yo ofri sèvis swen ijyèn pèsònèl ki gen dwa egzije pou kliyan an wete kachnen li (paregzanp masaj nan figi, fasyal, epilasyon bò pobouch oswa bò nen, tatou nan figi, makiyaj sou figi, tatou pobouch kosmetik, oswa pèsaj nan pobouch oswa nan nen).
- Tout etablisman swen ijyèn pèsònèl yo dwe garanti respè [rekòmandasyon OSHA](#) ki apwopriye yo sou preparasyon lye travay yo pou COVID-19.
- Pou etablisman tatou ak pèsaj yo:
 - Pati Responsab yo dwe garanti pèsònèl la wete zegui yo nan pake ki sele anvan yo fè entèvansyon pou yon lòt kliyan. Tout pigman, plato, fòsèp/pens, tib reseptè, bijou pou kò, oswa veso dwe pwòp ak pa janm sèvi tou. Tout modèl oswa razwa dwe pwòp tou, poko janm sèvi, epi jete touswit apre itilizasyon. Aparèy tatou yo dwe kouvri avèk plastik ak/oswa netwaye apre chak kliyan yo fè entèvansyon pou li. N ankouraje tib ak grip ki pou sèvi yon sèl fwa, si w ap sèvi avèk sa ki kapab sèvi plizyè fwa yo pa bliye suiv enstriksyon fabrikan an sou itilizasyon esterilizatè vapè ak dezenfektan.
 - Pati Responsab yo dwe reflechi sou limite kontak kliyan yo genyen avèk pwodui pou vann yo anvan y achte yo, sitou bijou pou kò.
 - Pati Responsab yo dwe suiv rekòmandasyon nòmal [NYSDOH](#), [OSHA](#) ak [CDC](#) yo pou sante ak sekirite.
- Pou salon ki ofri sèvis zong espesyal ak epilasyon ak lasi:

- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou basen ak bòl maniki ak pediki yo byen lave ak dezenfekte apre chak itilizasyon. Si basen an gen tiyo yo dwe vide l ak flòch li dapre enstriksyon fabrikan an. Yo dwe byen lave, netwaye, ak dezenfekte avèk solisyon EPA apwouve. Pati Responsab yo gen dwa reflechi sou maniki ak pediki san dlo epi reflechi sou itilizasyon sache plastik dispozab nan basen pediki yo.
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou tab pou seche men/pye yo byen netwaye ak dezenfekte apre chak kliyan.
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou yo ranplase oswa netwaye oswa dezenfekte tout vesò pou kenbe lasi yo apre chak kliyan, reflechi sou vide lasi an nan vesò pwòp ki fèt pou sèvi yon sèl fwa y ap jete apre chak kliyan. Si lasi an sòti nan yon vesò ki sèvi plizyè fwa, Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou aplikatè yo pa tranpe de fwa.
- Pati Responsab yo dwe dekouraje itilizasyon pwodui "pou teste" oswa echantyon koulè sòf si yo sèvi yon sèl fwa, dekouraje itilizasyon men (sòf si yo mete gan pwòp anvan yo manyen epi yo wete ak jete yo epi pratike ijyèn men lè yo fin wete gan yo) pou melanje oswa eseye pwodui, epi pran dispozisyon pou sèvi avèk yon espatil pwòp pou chak kliyan. Ankouraje itilizasyon bwòs dispozab depi sa posib.
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou chak nouvo kliyan resevwa ekipman tankou sèvyèt, bòl pou tranpe dwèt, espatil, ki tou nèt oswa ki netwaye ak dezenfekte.
- Pati Responsab yo dwe suiv rekòmandasyon OSHA yo pou sante ak sekirite nan salon ki ofri sèvis ki pa gen pou wè ak cheve epitou egzijans sou ijyèn ak sanitasyon yo ki nan [Atik 27](#) nan Lwa Jeneral sou Biznis la (General Business Law), 19 NYCRR 160.19, 160.20, 160.21, 160.22 ak 160.24.
- Pati Responsab yo dwe suiv rekòmandasyon OSHA yo pou sante ak sekirite kay kwafè epitou egzijans sou ijyèn ak sanitasyon yo ki nan [Atik 28](#) Lwa Jeneral sou Biznis la epitou egzijans Kòd Sanitè Eta a (State Sanitary Code) enpoze yo; disponib [isit la](#). Kwafè yo k ap fonskysone andedan Vil New York dwe suiv egzijans sou ijyèn ak sanitasyon Depatman Sante New York la pibliye yo; disponib [isit la](#).
- Pou etablisman terapi mesaj ak sant masaj:
 - Pati Responsab yo dwe ofri aranjman pou bagay pwòp ak dezenfekte pou kouvri figi pandan masaj nan pozisyon kouche sou vant (paregzanp vlope apitèt la nan yon tèt zòrye an koton) oswa evite pozisyon sa yo nèt. Anplwaye yo gen dwa bay kliyan ki kouche sou vant masaj si anplwaye a ekipe avèk ni kachnen ni ekran pou figi oswa pwoteksyon pou je. Fè kliyan yo kouvri figi yo lè y ap pase de pozisyon kouche sou vant a kouche sou kote oswa sou do.
 - Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou yo chanje tout dra yo apre chak kliyan, mete yo nan panyè fèmèn, epi lave yo kòm sadwa anvan yo sèvi ankò.
 - Pati Responsab yo dwe fèmèn beny vapè oswa tout lòt sèvis ki fèt nan espas fèmèn kote poutèt sa li difisil pou kenbe distans sosyal ak/oswa danjre pou kouvri figi kòm sadwa.
 - Pati Responsab yo dwe netwaye ak dezenfekte tout tab ak kabin bwonzaj apre chak itilizasyon.
 - Pati Responsab yo dwe ankouraje itilizasyon ekipman pou bwonzaj ki pou sèvi yon sèl fwa tankou pwoteksyon pou je, bonè pou cheve, pwoteksyon pou pye, ak ponmad pou bouch.

- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou gen bonjan ayerasyon nan tout pyès sou kote yo pou ogmante sikilasyon lè a. Gade [rekòmandasyon CDC yo](#) sou pi bon pratik ayerasyon yo.
- Nou dekouraje Pati Responsab yo tou pou yo otorize boutèy espere nan etablisman an pou minimize kreyasyon ayewosòl ki gen posibilite pou yo kontajye pandan aplikasyon pwodui oswa sèvis yo pou kliyan yo.
- Pati Responsab yo dwe reflechi sou kouvri pòs travay yo ak chèz yo avèk kouvèti dispozab epi ranplase avèk nouvo kouvèti ki poko sèvi anvan chak entèvansyon oswa sèvis pou yon nouvo kliyan.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redui kontak ant moun ak rasanbleman, gras a metòd tankou:
 - limite prezans an pèsoun a sèlman manm pèsounèl ki gen nesese pou yo sou plas;
 - ajiste orè lye travay la;
 - redui mendèv ki sou plas la pou satisfè rekòmandasyon sou distans sosyal yo;
 - òganize woulman travay yo (paregzanp ekip A/B, lè arive/depa espase); epi/oswa
 - regwoupe aktivite yo, lè sa posib, pou anplwaye yo kapab respekte distans sosyal la epi redui kantite men k ap manyen an menm tan (paregzanp mete pwodui sou etajè).
 - Pati Responsab yo dwe ajiste orè fonksyonman yo jan sa nesese pou pèmèt pi bon pwosedi netwayaj ak itilizasyon dezenfektan.
- Pati Responsab yo dwe ajiste orè fonksyonman yo jan sa nesese pou redui kantite moun epi pèmèt pi bon pwosedi netwayaj ak itilizasyon dezenfektan.

D. Sikilasyon ak Komès

- Pati Responsab yo dwe entèdi vizitè ki pa esansyèl nan etablisman swen ijyèn pèsounèl yo, lè sa posib.
- Pati Responsab yo dwe siveye ak kontwole sikilasyon k ap antre nan etablisman an pou garanti respè egzijans yo sou kantite moun maksimòm.
- Pati responsab yo dwe etabli zòn ki deziyen pou pase pran ak fè livrezon, avèk lemwens kontak posib.
- Pati Responsab yo dwe bay antre ak sòti separe ki make klè, lè sa posib.
- Pou livrezon machandiz, Pati Responsab yo dwe mete sou pye yon sistèm livrezon san manyen kote chofè yo rete andedan machin nan pandan livrezon an ap fèt oswa, lè sa pa posib, Pati Responsab yo dwe bay PPE akseptab ki apwopriye pou aktivite yo prevwa yo ki gen ladan yo, ominimòm, yon kachnen an twal pou travayè livrezon yo gratis pou dire pwosesis livrezon an.
- Pati Responsab yo dwe fè anplwaye yo pratike ijyèn men anvan ak apre yo transfere yon chay (paregzanp ki sòti nan men yon chofè livrezon) machandiz (paregzanp pratike ijyèn men anvan yo kòmanse chaje atik; epi yon fwa ankò lè yo fin chaje tout atik yo, fini pa pratike ijyèn men ankò).
- Pati Responsab yo dwe fèmen komodite yo, lè genyen, tankou:
 - ba pou sèvi tèt ou;

- fontèn dlo;
- zòn magazin.
- Pati Responsab yo dwe respekte tout rekòmandasyon DOH ki aplikab yo sou zòn sèvis kafe ak manje/bwason.
- Pati Responsab yo dwe reflechi sou elimine oswa relache frè anilasyon yo, pou ankouraje kliyan yo rete lakay yo si yo vin malad.

II. KOTE

A. Ekipman Pwoteksyon

- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou tout anplwaye yo mete bonjan PPE, sa gen ladan ominimòm yon kachnen ki kouvri nen an ak bouch la nè, ak yon ekran pou figi oswa linèt pwoteksyon lè y ap bay kliyan sèvis dirèkteman. Anplwaye yo dwe kouvri figi yo depi yo an kontak avèk kliyan, menm si yo a yon distans ki plis pase sis pye. Pati Responsab yo dwe reflechi tou sou egzije pou anplwaye yo mete gan dispozab lè sa apwopriye pou aktivite prensipal la.
- Pati Responsab yo dwe egzije pou anplwaye yo mete blouz pwòp.
- Pou etablisman tatou ak pèsaj yo:
 - Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou tout anplwaye yo mete PPE, sa gen ladan, ominimòm, yon mask chirijikal ki kouvri nen an ak bouch la nè, pwoteksyon pou je (linèt pwoteksyon ak/oswa ekran pou figi), ak gan dispozab lè y ap bay kliyan sèvis dirèkteman. Anplwaye yo dwe pratike ijyèn men kòm sadwa anvan ak lè yo fin mete PPE.
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou tout kliyan yo mete mask oswa kachnen an twal ki kouvri nen an ak bouch la nè, sòf si kliyan an gen mwens pase laj dezan oswa sou plan medikal pa kapab tolere pou figi li kouvri konsa; oswa sòf si pwofesyonèl la mete NI yon kachnen ki apwopriye, NI yon ekran pou figi oswa pwoteksyon pou je pandan dire sèvis la. Pati Responsab yo gen entèdiksyon pou yo mande oswa egzije dokiman medikal oswa lòt dokimantasyon nan men yon kliyan ki refize kouvri figi l poutèt yon pwoblèm medikal oswa lòt pwoblèm sante ki anpeche l mete bagay konsa.
 - Selon Dekrè Egzekitif 202.34, Pati Responsab yo gen dwa refize pou moun ki pa kouvri figi yo antre.
- Anplis PPE ki nesèsè yo dapre sa sèten aktivite nan lye travay la egzije, Pati Responsab yo dwe achte, fabrike, oswa jwenn yon lòt jan, kachnen akseptab epi bay anplwaye yo kachnen sa yo pandan yo nan travay gratis pou anplwaye a. Pati Responsab yo dwe gen kont rezèv kachnen, mask ak lòt PPE obligatwa soulamen pou si yon anplwaye ta bezwen ranplase sa l genyen an, oswa pou si yon vizitè esansyèl ta bezwen. Mèt biznis ki ofri sèvi pou zong yo oblije bay anplwaye yo PPE anplis jan sa prevwa nan 19 NYCRR 16011(c).
- Yo dwe netwaye ak dezenfekte oswa ranplase kachnen yo lè yo fin sèvi epi de moun pa kapab sèvi avèk yo. Tanpri konsilte rekòmandasyon CDC yo pou plis enfòmasyon sou kachnen ak lòt kalite PPE, epitou pou enstriksyon sou itilizasyon ak netwayaj.
 - Pran nòt yo p ap konsidere kachnen an twal ni mask dispozab kòm bagay pou kouvri figi ki akseptab pou aktivite nan lye travay ki enpoze yon degre pwoteksyon pi wo pou egzijans kouvri

figi yo. Paregzanp, si respiratè N95 abityèlman obligatwa pou aktivite yo, yon mask an twal oswa ki fèt lakay p ap sifi. Yo dwe respekte nòm OSHA yo pou ekipman sekirite sa yo.

- Pati Responsab yo dwe otorize anplwaye yo sèvi avèk pwòp kachnen akseptab pa yo men yo pa kapab egzije pou anplwaye yo vini avèk pwòp kachnen pa yo. Anplis de sa, rekòmandasyon sa yo p ap anpeche anplwaye yo mete pwòp bagay anplis pa yo pou pwoteje tèt yo (paregzanp mask chirijikal, respiratè N95, oswa ekran pou figi), oswa si Pati Responsab yo egzije apa sa pou anplwaye yo mete plis PPE poutèt nati travay yo. Patwon yo dwe respekte tout nòm OSHA ki aplikab yo.
- Pati Responsab yo dwe mete anplas mezi pou limite kantite moun ki sèvi ak bagay (paregzanp aparèy pou tatou, lwil, grès, bwòs, lim, tay-zong) epitou limite kantite moun ki manyen menm sifas yo; oswa, egzije pou travayè yo mete gan (ki apwopriye pou travay la oswa medikal) lè y an kontak avèk bagay lòt moun manyen oswa sifas moun manyen souvan; oswa, egzije pou travayè yo

pratike ijyèn men anvan ak apre kontak.

- Si plizyè moun sèvi avèk li, yo dwe netwaye ak dezenfekte ekipman an apre chak itilizasyon.
- Pati Responsab yo dwe fòme travayè yo sou jan pou yo mete, wete, netwaye (si sa aplikab), ak jete PPE yo kòmsadwa, sa gen ladan pami lòt, kachnen apwopriye. Gade rekòmandasyon CDC yo sou teknik pou mete ak wete kòmsadwa.

B. Ijyèn, Netwayaj, ak Itilizasyon Dezenfektan

- Pati Responsab yo dwe fè respekte egzijans ijyèn ak netwayaj ak itilizasyon dezenfektan yo jan CDC ak DOH konseye yo, sa gen ladan "Rekòmandasyon pou Netwaye ak Dezenfekte Lokal Piblik ak Prive pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak afich "SISPANN PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD), si sa aplikab. Pati responsab yo dwe kenbe journal netwayaj ki gen ladan yo dat, lè ak espas k ap netwaye ak dezenfekte a.
- Pati Responsab yo dwe bay ak kenbe pòs ijyèn men sou plas, konsa:
 - Pou lave men: savon, dlo tyèd nan wobinè, ak sèvyèt papye dispozab.
 - Pou dezenfektan: yon dezenfektan pou men a baz alkòl ki gen omwen 60% alkòl ladan pou zòn kote enstalasyon pou lave men yo gen dwa pa disponib oswa gen dwa pa pratik.
 - Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men toupatou nan etablisman swen ijyèn pèsònèl la pou anplwaye yo ak kliyan yo itilize.
 - Pati Responsab yo dwe egzije pou anplwaye yo pratike ijyèn men ki se lave men yo pandan 20 segonn avèk savon ak dlo oswa sèvi avèk yon dezenfektan pou men ki a baz alkòl anvan ak lè yo fin bay chak kliyan sèvis.
- Pati Responsab yo dwe mete panno toupren pòs dezenfektan pou men yo ki di men ki sal yon fason vizib dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa mache byen sou men ki sal yon fason vizib.
- Pati Responsab yo dwe mete veso toupatou nan etablisman an pou jete bagay sal, pami yo PPE.

- Pati Responsab yo dwe bay founiti pou netwaye ak dezenfekte apwopriye pou sifas plizyè moun manyen ak sifas moun manyen souvan yo epi ankouraje anplwaye yo pou yo sèvi avèk founiti sa yo anvan ak apre itilizasyon sifas sa yo, epi pou yo pratike ijyèn men apre sa.
- Pati Responsab yo dwe netwaye ak dezenfekte etablisman swen ijyèn pèsònèl la regilyèman epi netwaye ak dezenfekte pi souvan zòn ki gen anpil risk yo anpil moun itilize ak sifas yo manyen souvan yo. Yo dwe netwaye ak dezenfekte yon fason rijid ak konstan epi sa dwe fèt omwen apre chak woulman travay, chak jou, oswa pi souvan si sa nesèsè. Tanpri gade "[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Lokal Piblik ak Prive pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH la pou enstriksyon detaye sou kijan pou netwaye lokal yo. Etablisman bwonzaj yo te mèt gade [rekòmandasyon DOH yo](#) lè y ap chwazi dezenfektan apwopriye.
 - Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou tout zouti ki pa dispozab yo (paregzanp pistolè pèsaj, fòsèp/pens, zouti metal) byen netwaye ak dezenfekte apre chak itilizasyon.
 - Pati Responsab yo dwe fè netwaye ak dezenfekte twalèt yo regilyèman. Yo dwe netwaye twalèt yo pi souvan dapre kantite fwa yo sèvi.
 - Pati Responsab yo dwe fè respekte règ distans yo gras a rediksyon kapasite twalèt yo lè sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe fè netwaye ak dezenfekte ekipman pòs travay yo regilyèman avèk dezenfektan ki anrejistre, omwen apre chak kliyan. Gade [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York epi EPA idantifye kòmkiwa yo bay rezilta kont COVID-19 la.
 - Si pwodui pou netwaye oswa dezenfekte yo oswa aksyon netwaye ak dezenfekte a lakòz danje oswa degrade materyo yo oswa ekipman yo, Pati Responsab yo dwe mete anplas pòs ijyèn men pou apre itilizasyon yo ak/oswa bay gan dispozab ak/oswa limite kantite anplwaye k ap sèvi avèk ekipman sa yo.
- Pati Responsab yo dwe kite tan apre chak randevou pou netwaye ak dezenfekte pòs travay la nèt (paregzanp 15 minit).
- Pati Responsab yo dwe prevwa pou yo netwaye ak dezenfekte zòn ki ekspozè yo pou sizoka ta gen yon anplwaye oswa kliyan ki se yon ka COVID-19 pozitif, epi netwayaj ak itilizasyon dezenfektan sa a dwe gen ladan, ominimòm, tout zòn ki gen anpil sikilasyon yo ak sifas anpil moun manyen yo (paregzanp tab, ranp, twalèt, manch pòt).
- Rekòmandasyon CDC yo sou "[Netwaye ak Dezenfekte Lokal Ou a](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa konfime yon moun gen enfeksyon COVID-19 se:
 - Fèmen tout zòn moun ki malad la te itilize.
 - Pati Responsab yo pa nesèsèman bezwen sispann fonksyonman, si yo kapab fèmen zòn ki touche yo.
 - Ouvè pòt ak fenèt ki bay sou deyò pou ogmante sikilasyon lè nan zòn nan.
 - Tann 24 èdtan anvan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
 - Netwaye ak dezenfekte tout zòn moun ki malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman plizyè moun itilize.
 - Lè zòn nan fin netwaye ak dezenfekte kòm sadwa, yo kapab ouvè l pou itilizasyon.

- Anplwaye ak vizitè ki pa t gen kontak ni sere ni rapwoche avèk moun yo sispèk oswa konfime li gen COVID-19 la kapab retounen nan zòn travay la kou li fin netwaye ak dezenfekte.
- Gade "[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa rapwoche."
- Si gen plis pase sèt jou ki pase depi moun ki malad la te vini oswa te sèvi avèk lokal la, li pa nesesè ankò pou netwaye ak dezenfekte plis, men yo dwe kontinye netwaye ak dezenfekte jan sa abitye fèt la.
- Pou aktivite ki gen ladan yo manyen bagay (paregzanp aparèy peman), zòn, ak/oswa sifas (paregzanp pòt) lòt moun manyen, Pati Responsab yo dwe fè netwaye ak dezenfekte zòn sa yo ak bagay sa yo chak jou, ominimòm.
- Pati Responsab yo dwe fè netwaye ak dezenfekte pòs travay yo (paregzanp chèz, apitèt, sifas travay, tab masaj) apre chak kliyan.
- Pati Responsab yo dwe entèdi pou moun separe manje ak bwason (paregzanp bifè), ankouraje yo pote manje sòti lakay yo, epi rezève kont espas pou anplwaye yo respekte distans sosyal pandan y ap manje.

C. Re-ouvèti pa Faz

- N ankouraje Pati Responsab yo pou yo fè aktivite re-ouvèti yo pa faz pou pwoblèm fonksyonman yo kapab rezoud anvan pwodiksyon an oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal. Pati Responsab yo dwe panse a limite kantite anplwaye, lè, ak kantite kliyan ki disponib pou sèvi yo lè yo fèk re-ouvèti pou bay fonksyonman an kapasite ajiste a chanjman yo.

D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime yo li ak konprann rekòmandasyon eta a pibliye pou endistri an, epi y ap aplike yo.
- Pati Responsab yo dwe elabore yon plan kominikasyon pou anplwaye yo, vizitè yo, ak kliyan yo ki gen ladan enstriksyon, fòmasyon, endikasyon ki aplikab yo ak menm metòd yo pou bay anplwaye yo enfòmasyon. Pati Responsab yo gen dwa reflechi sou elabore paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak medya sosyal.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo respekte rekòmandasyon CDC ak DOH yo sou itilizasyon PPE, sitou nan zafè kouvri figi, gras a kominikasyon pale ak panno.
- Pati Responsab yo dwe mete panno andedan ak andeyò etablisman swen ijyèn pèsònèl la pou fè pèsònèl la ak kliyan yo sonje pou yo respekte bonjan ijyèn, règ distans sosyal yo, itilizasyon apwopriye PPE, ak pwotokòl pou netwaye ak dezenfekte yo.

III. PWOSEDE

A. Depistaj ak Tès

- N ankouraje anpil pou Pati Responsab yo pran dispozisyon pou anplwaye k ap bay kliyan yo sèvis dirèkteman fè tès COVID-19 ki se yon tès dyagnostik, anvan anplwaye a bay sèvis sa yo. Anplwaye yo dwe fè tès chak 14 jou, depi rejyon kote lye travay ijyèn swen pèsònèl la chita a rete nan Faz 3 re-ouvèti Eta a. N ankouraje kliyan yo anpil pou yo mande anplwaye k ap ba yo sèvis dirèkteman an si anplwaye a te fè tès.
- Pati Responsab yo dwe mete sou pye pratik depistaj obligatwa chak jou pou anplwaye yo epi, lè sa posib, pou vandè yo, men depistaj sa yo pa dwe obligatwa pou kliyan ak pèsònèl livrezon.
 - Depistaj yo te mèl fèt a distans (paregzanp pa telefòn oswa pa kesyonè elektwonik), anvan anplwaye a al nan lye travay la, nan mezi sa posib; oswa yo te mèl fèt sou plas.
 - Yo dwe kowòdone depistaj la yon jan pou anpeche travayè yo mele an kontak sere oswa rapwoche youn ak lòt anvan yo fè depistaj la.
 - Ominimòm, depistaj la dwe obligatwa pou tout anplwaye epi, lè sa posib, vandè yo, epi fèt gras a yon kesyonè k ap gade si travayè a oswa vandè a:
 - (a) konnen li te an kontak sere oswa rapwoche nan 14 dènye jou yo avèk yon moun ki te gen tès COVID-19 pozitif oswa ki te gen sentòm COVID-19;
 - (b) te gen tès COVID-19 pozitif nan 14 dènye jou yo; ak/oswa
 - (c) te gen nenpòt ki sentòm COVID-19 nan 14 dènye jou yo.
- Pati responsab yo pa kapab egzije pou yo fè depistaj sou kliyan yo ni pou yo bay enfòmasyon pou kontakte yo men yo gen dwa ankouraje kliyan yo fè sa. Pati Responsab yo te mèl ofri opsyon pou kliyan yo bay enfòmasyon pou kontakte yo pou yo kapab enskri yo epi kontakte yo pou retrace kontak, si sa nesèsè.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo pou yo bay konfimasyon avivwa oswa ekri yo pa gen sentòm.
- Gade rekòmandasyon CDC yo sou "Sentòm Kowonaviris" pou dènye enfòmasyon yo sou sentòm ki asosye ak COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe egzije pou anplwaye yo di touswit si ak ki lè repons yo pou nenpòt nan kesyon nou mansyone pi wo yo chanje, tankou si yo kòmanse gen sentòm, sa gen ladan pandan oswa andeyò lè travay.
- Anplis kesyonè depistaj la, yo gen dwa fè kontwòl tanperati chak jou tou dapre rekòmandasyon Komisyon sou Opòtinite Anplwa Egal la (Equal Employment Opportunity Commission) oswa rekòmandasyon DOH yo. Pati Responsab yo gen entèdiksyon pou yo kenbe dosye sou done sante anplwaye yo (paregzanp done tanperati).
- Pati Responsab yo dwe pran dispozisyon pou tout manm pèsònèl k ap fè aktivite depistaj, sa gen ladan kontwòl tanperati, byen pwoteje kont kontak avèk anplwaye oswa vizitè ki gen posibilite pou yo kontajye k ap antre nan etablisman swen ijyèn pèsònèl la. Manm pèsònèl la k ap fè aktivite depistaj yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen.

- Moun k ap fè depistaj yo dwe resevwa epi itilize PPE, sa gen ladan ominimòm, yon mask pou figi, epi sa gen dwa gen ladan gan, yon blouz, ak/oswa yon ekran pou figi.
- Yo pa dwe kite yon anplwaye ki gen depistaj sentòm COVID-19 pozitif antre nan etablisman swen ijyèn pèsònèl la epi yo dwe voye l lakay li avèk enstriksyon pou l kontakte pwofesyonèl medikal li pou evalyasyon ak tès. Pati Responsab yo dwe mete depatman sante eta ak lokal la okouran ka a touswit si gen rezilta tès COVID-19 ki pozitif. Pati Responsab yo dwe bay anplwaye a enfòmasyon sou resous medikal ak tès.
- Pati Responsab yo dwe gade "Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19" DOH yo sou pwotokòl ak politik yo pou anplwaye k ap chèche retounen nan travay apre yon ka COVID-19 yo sispèk oswa konfime oswa apre anplwaye a te gen kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19.
- Pati Responsab yo dwe idantifye yon pwen kontak santral, ki gen dwa varye dapre aktivite a, kote a, woulman travay la oswa jou a, ki responsab resevwa ak ateste li gade tout kesyonè anplwaye yo, epi kontak sa a dwe idantifye tou kòm pati pou travayè yo ak vizitè yo mete okouran si pi ta yo gen sentòm ki gen pou wè ak COVID-19, jan sa ekri nan kesyonè a.
 - Pwen kontak yo idantifye a pou etablisman swen ijyèn pèsònèl la dwe pare pou li resevwa avètisman nan men moun ki gen ka pozitif epi kòmanse pwosede netwaye ak dezenfekte ki ale ak sa yo.
- Pati responsab yo dwe deziyen yon moun pou kontwole sekirite lokal la ki gen kòm responsabilite respè konstan tout aspè yo nan plan sekirite lokal la.
 - Lè yo avèti l gen yon ka pozitif, pwen kontak yo idantifye a dwe mete okouran kontak tout antite ki touche yo ki te nan menm espas ak ka pozitif yo epi li dwe pran mezi pou netwaye ak dezenfekte ki ale ak sa yo.
- Nan mezi sa posib, Pati Responsab yo dwe kenbe yon jounal tout moun, sa gen ladan anplwaye ak vizitè, ki te gen dwa gen kontak sere oswa rapwoche avèk lòt moun nan lye oswa zòn travay la; livrezon ki fèt avèk bonjan PPE oswa pa mwayen san kontak pa ladan. Jounal la dwe gen ladan enfòmasyon kontak, yon fason pou yo kapab idantifye, retrase epi mete okouran tout kontak yo, nan ka yon anplwaye ta dyagnostike avèk COVID-19. Pati Responsab yo dwe kolabore avèk efò pou retrase kontak depatman sante eta ak lokal la ap fè yo.
- Pati Responsab yo gen dwa ofri ak kenbe yon opsyon pou kliyan yo bay non yo ak enfòmasyon pou kontakte yo pou yo kapab enskri yo ak kontakte yo lè y ap retrase kontak, si sa nesèsè. Pati Responsab yo pa gen dwa egzije pou kliyan yo kite enfòmasyon yo epi yo pa gen dwa egzije idantifikasyon anvan yo bay sèvis ni refize sèvis si idantifikasyon pa obligatwa. Sepandan, Pati Responsab yo dwe ankouraje kliyan yo anpil pou yo bay enfòmasyon pou kontakte yo.

B. Retrase ak Suiv

- Pati Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yon anplwaye nan lye travay yo a mete yo okouran yon rezilta tès COVID-19 pozitif.
- Nan ka yon anplwaye, vizitè, oswa kliyan ki te vin nan biznis la gen tès pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore avèk depatman sante eta ak lokal la pou retrase tout kontak nan lye travay la epi mete depatman sante eta ak lokal la okouran tout anplwaye ki nan jounal la ak kliyan (si genyen) ki te antre nan etablisman swen ijyèn pèsònèl la nan 48 èdtan anvan anplwaye a oswa kliyan an te

kòmanse gen sentòm COVID-19 oswa te gen tèz pozitif, kèlkeswa sa ki pi bonè a. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak règleman federal ak eta yo egzije li.

- Depatman sante eta ak lokal yo gen dwa, selon otorite jiridik yo, mete sou pye kontwòl ak restriksyon sou depasman pou moun ki enfekte oswa ekspoze yo sa gen ladan izòlman lakay oswa karantèn.
- Anplwaye yo avèti yo te an kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19, epi yo avèti yo nan retrase yo, suiv yo oswa lòt mwayen, oblije rapòte tèt yo bay patwon yo kou yo fin avèti yo epi yo dwe suiv pwotokòl ki pi wo a.

IV. PLAN PATWON AN

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite konplè sou plas kote pou tout moun wè. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide mèt ak administratè biznis yo nan elaborasyon plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19.

Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Sit wèb sou Nouvo Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit wèb sou Kowonaviris (COVID-19) Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit wèb sou COVID-19 Administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay la
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Nan lyen ki pi ba a, afime ou li ak konprann obligasyon w pou w fonksyone konfòmman ak rekòmandasyon sa yo:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>